

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Karya sastra boh dina wangun lisan atawa tulisan, mangrupa hiji eunteung kahirupan masarakat. Éta hal ku sabab sastra kainspirasian tina kisah-kisah kahirupan nu kajadian di masarakat. Sastra mangrupa wangun jeung hasil gawé seni kréatif nu objékna manusa jeung kahirupanna, nu ngagunakeun basa pikeun médiumna. Luyu jeung nu disebutkeun ku Damono dina Isnendes (2010, kc. 4) sastra téh hiji lembaga sosial nu ngagunakeun basa salaku medium ciptana. Bahan pikeun nulis karya sastra nu sumberna bisa tina réalita kahirupan, ide-ide imajinatif pangarang, atawa bisa ogé tina gabungan réalita kahirupan jeung imajinatif. Isnendes (2010, kc. 10) nétélakeun yén sastra téh minangka prosés kréatif nu taya lian ti éksprésitas pangarang dina ngagelarkeun karyana. Salah sahiji karya nu diciptakeun tina carita kahirupan nyaéta novel.

Réa pisan karya novel Sunda nu geus diciptakeun ku sastrawan Sunda, salasahijina novel *Sanggeus Halimun Peuray* karya Aam Amilia. Aam Amilia salasahiji pangarang wanoja Sunda nu kawilang produktif tur miboga peran penting dina sastra Sunda. Mimiti ngarang ti taun 1960-an, nepi ka ayeuna geus ngahasilkeun ratusan carpon jeung puluhan buku. Aam Amilia pangarang wanoja Sunda nu kritis dina maca fénoména-fénoména nu keur karandapan di sabudeureunana. Tina fénoména kahirupan nu kapanggihna, Aam Amilia nulis novelna. Salasahijina nyaéta novel *Sanggeus Halimun Peuray*.

Novel *Sanggeus Halimun Peuray* mangrupa novel nu asalna tina carita nyambung nu dimuat dina majalah *Manglé*. Tangtuna dina mangsana, ieu carita téh ditungguan unggal mingguna ku para pamaca bakat ku panasaran. Sanggeus dijadikeun novel, réa pisan pamaca nu resep kana ieu novel anu caritana ngeunaan kaom rumaja nu patali jeung jodo, pati, bagja, reujeung cilaka. Ieu novel dimedalkeun ku penerbit Rahmat Cijulang dina taun 1992.

Novel *Sanggeus Halimun Peuray* nyaritakeun jatukrami nu nyandiwara antara “Awit” jeung “Inu”. Inu ngalakonan hirupna kudu nulungan kawiwirangan anak babaturan indungna, anu kakandung tiheula gara-gara ditinggalkeun ku lalaki. Inu can bisa narima Awit jadi pamajikanana, ku sabab manéhna boga kabogoh nu dipikadeudeuh nyaéta Mila nu aya di Garut.

Pait peuheurna kahirupan dijalanana ku Awit sanggeus kawin jeung Inu. Waktu Awit rék ngalahirkeun, Inu ninggalkeun Awit. Tapi ahirna Inu balik deui ka Awit. Awit teu langsung narima kana naon nu dilakukeun Inu ka manéhna. Awit boga kénéh rasa harga diri jadi awéwé, ti dinya Awit jadi *figur* jalma nu mawas diri tina kajadian nu geus kaalamanna.

Novel *Sanggeus Halimun Peuray* karya Aam Amilia ngadung niléy kontrol sosial jeung kultural édukatif. Kontrol sosial mangrupa upaya téhnik jeung stratégi nyaram paripolah manusa sangkan teu méngpar di masarakat. Ayana paripolah nu méngpar di masarakat, ngabalukarkeun ayana sangsi sosial ti masarakat sabudeureunna ka hiji jalma. Éta hal bisa ditilik waktu kabogoh Awit teu tanggung jawab jeung ninggalkeun Awit waktu keur kakandung. Indungna nu jadi kolot, langsung nulungan anakna pikeun nutupan kawiwiranganna ku cara ngawinkeun Awit jeung Inu, éta hal nyingkahan ayana sangsi sosial ti masarakat ka Awit. Lian ti éta, aya niléy kultural édukatif waktu Inu ngadeukeutan deui Awit sanggeus manéhna ninggalkeun Awit, tapi di dinya manéhna mertahankeun harga dirina sangkan teu kagémbang ku Inu. Di dinya Awit jadi diri anu mawas diri, manéhna teu sagawayah narima paripolah Inu ka Awit. Kanyaah Inu teu langsung ditarima ku Awit, sanajan manéhna sadar yén Inu geus nulungan manéhna jeung kulawargana tina kawiwirangan.

Dina taun 1982 ieu novel diangkat jadi pilem. Ieu hal ngabuktikeun yén ieu karya sastra téh popilér di masarakat. Luyu jeung nu ditétélakeun ku (Isnendes, 2018, kc. 20) yén robahna wangun hiji karya kana karya séjénna, mungkin waé éta karya popilér di masarakat nu macana, nepi ka maranéhna boga kereteg ngaréspon dina wanda nu béda tina aslina.

Ieu pilem dibéré judul *Halimun*, diproduksi ku PT Elynda Remaja Film, sarta dibiayaan ku Dewan Film Nasional. Harita téh aya lima pilem anu dibiayaan ku

Widya Mega Novani, 2020

ÉKRANISASI NOVEL SANGGEUS HALIMUN PEURAY KARYA AAM AMILIA KANA PILEM HALIMUN KARYA SOFIA W.D

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Dewan Film Nasional, nyaéta *Lima Sahabat, Sorta, Titian Serambut Dibelah Tujuh, Peristiwa Don Muang (Woyla)*, jeung *Halimun*.

Pilem *Halimun* disutradaraan ku Sofia W.D, nu ogé aktris légéndaris nu geus kacatet ngaaktoran ratusan pilem. Teu sugema ku bakat aktingna, Sofia W.D tuluy mekarkeun poténsina dina nulis skénario, tata kaméra jeung prosés *dubbing*, editing pilem, ogé nyutradaraan. Sofia W.D kungsi meunang penghargaan dina widang katalitianana jadi sutradara dina Festival Film Berlin (Johari, 2019).

Skénario pilem *Halimun* dipigawé ku N. Riantriano. Pamaén dina ieu pilem di antarana aya Alan Nuary (merankeun Inu), Nungky Kusumastuti (merankeun Awit), Joice Erna (merankeun Mila), Gito Rollies (merankeun Obos), Dahlia (merankeun indung Inu), Winny Aditya Dewi (merankeun adi Inu), jeung Yetti Syarifah (merankeun Ma Oyoh).

Alan Nuary nu jadi tokoh utama merankeun Inu kungsi meunang penghargaan *Aktor Harapan Terbaik FFI* taun 1979. Waktu merankeun hiji peran, Alan sok jadi puseur perhatian nu lalajona, éta hal ku sabab loba nu kairut ka manéhna. Nungky Kusumastuti nu merankeun Awit téh nyaéta aktris katut penari nu sok tampil di istana nagara. Nungky geus diwanohkeun kana dunya tari ti umur lima taun, éta hal nyababkeun Nungki sok diangkir pikeun ngaluuhuan calagara di luar negeri, contona waé dina calagara *American Dance Festival* (id.m.wikipedia.org).

Nungky mimiti asup ka dunya seni peran taun 1979. Pilem mimitina nyaéta pilem *Rembulan dan Matahari*. Nungki ogé miboga sababaraha penghargaan, manéhna kungsi asup nominasi Aktris Utama Citra FFI 1981, nominasi aktris pembantu komédi Piala Vidia taun 1996, jeung nominasi aktris pembantu, Piala Aktris Pembantu Piala Vidia FFi 2011 (id.m.wikipedia.org). Ku kituna, dina pilem *Halimun*, para aktorna téh lain aktor samanéa, tapi aktor-aktor nu berprestasi.

Dina ieu pilem, Sofia W.D salaku sutradara masih mertahankeun jeung ningalikeun ayana kontrol sosial jeung kultural édukatif. Sanajan aya sababaraha bagian anu nimbulkeun kakuciwaan ka nu lalajo éta pilem. Éta hal katitén waktu *pengungkapan* dina segi kejiwaan ti *figur* tokoh-tokohna téh kurang kacumponan, nu ngabalukarkeun pilem *Halimun* nu kuduna dramatis jadi teu miboga émosi sacara

pilemis nu kuat. Lian ti éta, aya sababaraha bagian anu dina novel mah dicaritakeun sedengkeun dina pilem henteu, ogé aya sababaraha bagian anu béda.

Novel jeung pilem mangrupa dua karya dina médium anu béda. Novel anu dirobah jadi wangun pilem, tangtuna miboga hal-hal anu béda. Lamun dibandingkeun, pilem mah relatif loba unsur lambangna, lantaran jadi alat dina nepikeunana. Novel ngalambangkeun hiji kahirupan nu kudu dijelaskeun sajéntréna dina wangun tinulis jeung mibanda jumlah kaca nu loba, sedengkeun pilem mah ngan ngabutuhkeun waktu nu samporét pikeun nepikeunana (Armiati, 2018, kc. 302).

Nurutkeun Bluestone dina (Ardianto, 2014, kc 19) aya dua pasualan nu kudu diperhatikeun waktu nalungtik robahna karya sastra jadi pilem, nyaéta kudu merhatikeun sasaruana jeung bébédaan hiji pilem jeung karya sastrana, ogé kudu merhatikeun pasualan naon nu aya patalina jeung éta dua média. Bluestone ogé miboga asumsi yén aya bébédaan sacara génétika nu katitén dina pilem jeung novel. Novel nyaéta medium dina wangun linguistik, sedengkeun pilem mangrupa médium dina wangun visual. Sanajan aya sasaruana, tapi loba pisan pasualan anu bisa ngabédakeunna. Prosés parobahan tina novel jadi pilem tangtuna mikabutuh imajinasi dina prosés ngagarapna, éta pasualan ngabalukarkeun ayana parobahan-parobahan dina prosés adaptasina. Éta parobahan téh mangrupa pasualan anu wajar dilakukeun.

Robahna wanda dina karya sastra, mangaruhan ayana parobahan dina hal ngaapréiasina, novel mangrupa wangun visual nu ngondisikeun pamaca pikeun ngabayangkeun carita dina pikiranna, sedengkeun pilem ngondisikeun panongtonna pikeun merhatikeun audiovisual nu méré gambaran carita ka panongton ngaliwatan dialog jeung éksprési pamaén. Hal-hal nu ditataan téh ngabalukarkeun panongton sok ngabandingkeun pilem jeung novel aslina. Ku ngabandingkeun novel jeung pilemna, biasana sok aya rasa kuciwa atawa aya rasa sugema dina haté panongton. Éta hal luyu jeung nu ditétélakeun ku Eneste (1991, kc. 9-10) yén panongton biasana ngarasa kuciwa sanggeus lalajo pilem, pilemna teu saluyu jeung imajinasi nu hirup dina pikiran panongton waktu maca novelna, misalna jalan caritana teu sarua, karakter tokohna béda, ogé lobana parobahan nu nyampak dina pilem nu matak béda jeung novelna.

Nilik kana kamekaranana aya sababaraha karya Sastra sunda (novel, carita pantun jeung carpon) nu diadaptasi jadi pilem. Dimimitian ku pilem *Loetoeng Kasaroeng* (1926) nu mangrupa adaptasi tina carita pantun *Loetoeng Kasaroeng*, ieu novel disutradaraan ku urang Walanda nyaéta L. Hoeveldorp. Novel *Eulis Atjih* karya Yoehana (1927), novel *Karnadi Anémér Bangkok* (1930), novel *Carmad* karya Tjandrahayat nu dijadikeun pilem *Boss Carmad* (1990) nu disutradaraan ku Chairul Umam, carita pondok (carpon) *Sri Panggung Dogér Karawang* karya Iskandarwassid, nu dijadikeun pilem televisi ku Teguh Karya anu judulna *Arak-arakan* (1992), novel *Si Kabayan* karya Resmana, sarta novel *Sanggeus Halimun Peuray* karya Aam Amilia diproduksi jadi pilem *Halimun* (1982) nu disutradaraan ku Sofia W.D (Syam, 2018, kc 2).

Prosés robahna karya sastra tinulis saperti novel, carpon, atawa sajak jadi pilem téh sok disebut ékranisasi. Ékranisasi (*ecran* dina basa Prancis) miboga harti layar. Istilah ékranisasi munggaran diwanohkeun ku Bluestone, anu hartina prosés pindahna atawa robahna wangun tina novel kana pilem. Luyu jeung éta hal, nurutkeun Eneste (1991, kc 60) ékranisasi nyaéta layar bodas atawa pindahna atawa pengangkatan novel kana pilem (*ecran* dina basa Prancis hartina layar). Dina prosés ékranisasi tangtu nimbulkeun sababaraha parobahan. Ku kituna, ékranisasi ogé bisa dihartikeun prosés parobahan nu ngabalukarkeun ayana (1) ngaheureutan, (2) namabahan (perluasan), jeung (3) parobahan variasi (Eneste, 1991, kc. 61). Lian ti éta, nurutkeun Nugroho dina Armia (2018) ékranisasi mangrupa hasil gawé. Novel dina prosés penciptaanna mangrupa hasil karya individu, nu ngalibetkeun pamikiran, pangalaman, jeung ide pangarang. Pilem mangrupa hasil gawé tim atawa kelompok dina prosés nyieunna, ngalibetkeun unsur-unsur nu ngarojong saperti produser, panulis, sutradara, juru kaméra, jsb. Dina éta hal, tangtuna mangaruhan ayana parobahan-parobahan anu bisa ditilik tina struktur nu ngawangun éta karya, saperti bébédaan tina segi tokohna, alur, latar, jsb.

Éta pasualan nyampak dina ékranisasi novel *Sanggeus Halimun Peuray* kana pilem *Halimun*. Katitén aya unsur ngaheureutan, nambahan, jeung robahna variasi. Dina novel *Sanggeus Halimun Peuray* karya Aam Amilia anu diadaptasi jadi pilem

*Halimun*, aya sababaraha peristiwa dina novel nu teu ditayangkeun dina pilemna, ogé aya sababaraha peristiwa anu dina pilem ditayangkeun tapi dina novelna teu dicaritakeun. Misalna ayana parobahan carita waktu Awit ditinggalkeun ku kabogohna, dina novel Awit ditinggalkeun lantaran kabogohna kabur, sedengkeun dina pilem dicaritakeun yén kabogoh Awit maot ku sabab kacilakaan waktu latihan *landing* pesawat. Lian ti éta, aya sababaraha tambahan tokoh dina pilem, contona dina pilem aya tambahan tokoh dunungan Inu di percetakan. Lian ti éta, loba kénéh bébédan nu nyampak dina novel jeung éta pilem. Ku kituna, panalungtik kataji pikeun nalungtik novel *Sanggeus Halimun Peuray* karya Aam Amilia jeung pilem *Halimun* karya Sofia W.D nu dijadikeun bahan panalungtikan. Dina ieu panalungtikan, puseur tilikanna nyaéta kumaha prosés ékranisasi novel kana pilem anu dipedar tina struktur caritana. Struktur carita nu dipedar museur kana téma, galur, tokoh, jeung latar. Téori nu digunakeun pikeun ékranisasi novel kana wangun pilem nyaéta téori ékranisasi, anu ditétélakeun George Blustone nu dikutip ku (Eneste, 1991; Isnendes, 2018).

Anu ngarojong kana ieu panalungtikan nyaéta tésis nu dilakukeun ku Awaliah (2014) anu dibéré judul “Ékranisasi Novel *Carmad* Karya Tjandrahayat Kana Pilem *Boss Carmad* Karya Chaerul Umam” nu medar ngeunaan unsur struktural katut ékranisasina. Aya deui skripsi meunang Armiami (2017) anu dibéré judul “Ekranisasi Novel *Assalamualaikum Beijing* Ke Dalam Film *Assalamualaikum Beijing*”, ieu panalungtikan medar kumaha prosés ékranisasi nu nyangkaruk jeung kumaha ékranisasi ngaheureutan jeung nambahan ditilik tina tokoh, latar, jeung alur.

Lian ti éta, aya sababaraha panalungtik nu nalungtik ngeunaan ékranisasi saperti skripsi meunang Yanti (2016) anu judulna “Ekranisasi Novel ke Bentuk Film *99 Cahaya di Langit Eropa* Karya Hanum Salsabiela Rais dan Rangga Almahendra” anu medar ngeunaan prosés ékranisasi nu nyampak dina alur, tokoh, jeung latar. Skripsi meunang Aderia (2013) anu judulna “Ekranisasi Novel ke Film Surat Kecil Untuk Tuhan” anu medar ngeunaan déskripsi episode jeung babandingan episode.

Sasaruaan dina ieu panalungtikan jeung nu dilaksanakeun ku panalungtikan saméméhna nyaéta baris medar ngeunaan ékranisasi dina karya. Bédana ieu

panalungtikan jeung panalungtikan nu séjénna nyaéta dina objék panalungtikanna. Tina panalungtikan nu aya, katitén objékna tina karya sastra indonésia.

Nilik kana kasang tukang nu geus dipedar diluhur, panalungtik ngarasa kataji pikeun maluruh leuwih jero ngeunaan ékranisasi dina dua karya ieu. Dina ieu panalungtikan, dipaké pamarekan struktural (téma, galur, tokoh, jeung latar) pikeun nganalisisna. Kumaha bébédaan jeung sasaruanna, ogé kumaha prosés ékranisasi karyana ditilik tina struktur carita (téma, galur, tokoh, jeung latar) nu ngawangun éta karya. Ieu panalungtikan ogé miboga tujuan pikeun maluruh jeung mikanyaho gambaran unsur-unsur anu nyangkaruk dina karya, nepi ka duanana dipikaresep ku pamaca jeung panongton. Ku kituna, ieu panalungtikan dibéré judul “*Ékranisasi Novel Sanggeus Halimun Peuray Karya Aam Amilia kana Pilem Halimun Sofia W.D*”

## **1.2 Idéntifikasi Masalah**

Sangkan leuwih museur kana analisis ékranisasi, panalungtik ngaidéntifikasi ieu masalah ku cara museurkeun panalungtikan nyaéta kana struktur carita (téma galur, tokoh, jeung latar) dina novel *Sanggeus Halimun Peuray* jeung dina pilem *Halimun*.

## **1.3 Rumusan Masalah**

Dumasar kana idéntifikasi masalah di luhur, rumusan masalah dina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) kumaha struktur carita (téma, galur, tokoh, jeung latar) nu nyampak dina novel *Sanggeus Halimun Peuray* jeung pilem *Halimun*?
- 2) kumaha sasaruana jeung bébédaan struktur carita (téma, galur, tokoh, jeung latar) nu nyampak dina novel *Sanggeus Halimun Peuray* jeung pilem *Halimun*?
- 3) kumaha prosés ékranisasi novel *Sanggeus Halimun Peuray* kana pilem *Halimun*?

## **1.4 Tujuan Panalungtikan**

Tujuan panalungtikan kabagi jadi dua nyaéta, tujuan umum jeung tujuan husus.

#### **1.4.1 Tujuan Umum**

Tujuan umum dilaksanakeunna ieu panalungtikan nyaéta pikeun maluruh jeung mikanyaho struktur carita (téma, galur, tokoh, jeung latar) jeung prosés ékranisasi nu aya dina novel *Sanggeus Halimun Peuray* karya Aam Amilia kana pilem *Halimun* nu disutradaraan ku Sofia W.D

#### **1.4.2 Tujuan Husus**

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) struktur carita (téma, galur, tokoh, jeung latar) anu nyampak dina novel *Sanggeus Halimun Peuray* jeung pilem *Halimun*;
- 2) sasaruuan jeung bébédaan struktur carita novel jeung pilem;
- 3) ékranisasi novel *Sanggeus Halimun Peuray* kana pilem *Halimun*.

### **1.5 Mangpaat/Signifikasi Panalungtikan**

#### **1.5.1 Mangpaat Téoritis**

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré motivasi dina ngamekarkeun élmu sastra, hususna dina nganalisis novel nu dipilemkeun. Lian ti éta, ieu panalungtikan ogé bisa dijadikeun référénsi dina pasualan anu aya patalina jeung kajian ékranisasi novel jeung pilem sarta dijadikeun référénsi pikeun panalungtikan-panalungtikan satuluyna.

#### **1.5.2 Mangpaat Praktis**

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) méré mangpaat pikeun pamaca dina ngaronjatkeun aprésiasi kana karya sastra Sunda, hususna analisis novel nu dipilemkeun;
- 2) dijadikeun référénsi panalungtikan séjénna keur ngamekarkeun panalungtikan ngeunaan karya sastra Sunda nu diékranisasi jadi pilem;
- 3) méré informasi ngeunaan karya sastra Sunda nu diékranisasi kana pilem.



## **1.6 Raraga Tulisan**

BAB I Bubuka, eusina medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi masalah, rumusan masalah panalungtikan, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

BAB II Ulikan Tiori, eusina medar ngeunaan tiori-tiori anu aya dina panalungtikan, eusina medar leuwih jero ngeunaan novel, pilem, unsur struktural (téma, galur, tokoh, jeung latar) dina novel jeung pilem, ékranisasi, panalungtikan saméméhna, kalungguhan tiori, jeung raraga mikir.

BAB III Méthode Panalungtikan, eusina ngabahas ngeunaan métodologi panalungtikan anu dipaké dina panalungtikan. Dina ieu bab ogé dipedar ngeunaan desain panalungtikan, data jeung sumber data, téhnik ngumpulkeun data, instrumen panalungtikan, jeung léngkah-léngkah panalungtikan.

BAB IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, dina ieu bab dipedar sagemblengna hasil tina analisis panalungtikan nu dilaksanakeun. Ieu bab medar ngeunaan struktur carita (téma, galur, tokoh, jeung latar) dina novel jeung pilem, sasaruana jeung bébédaan struktur carita (téma, galur, tokoh, jeung latar) dina novel jeung pilem, sarta kumaha ékranisasi nu ngawengku aspék ngaheureutan, nambahan, jeung robahna variasi.

BAB V Kacindekan, Impikasi, jeung Rékoméndasi, dina ieu bab mangrupa bagian pamungkas tina skripsi, nu eusina nyaéta kacindekan, implikasi, jeung rékoméndasi. Eusi tina kacindekan nyaéta ringkesan tina sakabéh hasil panalungtikan. Lian ti éta, aya implikasi jeung rékoméndasi nu ditepikeun ku panulis keur nu maca sangkan panalungtikan kahareupna bisa leuwih hadé.